

# Wòch nan dlo pa konn mizè wòch nan solèy

## Prensip travay Limyè Lavi

Se moun ki nan soufrans ki konn soufrans tout bon vre. Menm jan yon kominote. Se moun andan kominote a ki konn ki pwoblèm yo genyen, yo ki gen plis enterè rezoud pwoblèm yo.

Lòt moun gen dwa kanpe pou defann yon kominote. Men si yo pa soufri ansanm ak kominote a, eske yo va konprann pwoblèm yo vre? Eske yo va gen menm enterè pou pwoblèm yo rezoud?

Yon kominote ki byen òganize, se li ki pi byen konprann sa li bezwen epi koman pou l jwenn solisyon an.

Lè yon moun oubyen yon gwoup di se li menm ki reprezante tèl kominote, fò n gade l byen gade. Pafwa se zafè pèsone l pa l ap regle. Lè yon moun reprezante kominote li tout bon, souvan li anba pèsikisyon. Se paske yon kominote ki byen òganize, ki gen vre reprezantan, se yon obstak pou sila yo k ap souse l.

Òganis deyò kominote a se wòch nan dlo. Malgre sa, yo ka jwe yon wòl nan chanjman. Yo ka ankouraje moun ki ta tante òganize kominote bo lakay yo. Lè yon moun ann afè ak òganis ekstèn, sa ba li yon mezi sekirite. Prezans òganis ekstèn lan ka fè moun andan kominote a pran travay la pi oserye. Òganis ekstèn lan ka fè kominote a jwenn resous ak èd teknik lè yo bezwen yon bourad.

Poutèt tout rezon sa yo:

1. Limyè Lavi dwe travay ak gwoup ki vrèman reprezante yon kominote. Sa vle di, gwoup ki abitye rann kont devan kominote a pou travay l ap fè a.
2. Limyè Lavi dwe bay priyorite l ak travay k ap fèt nan zòn ki pi neglije yo, kote ki pi izole, pi malere. Nou dwe apiye travay k ap benefisye moun ki pi pòv, pi esplwate. Nou dwe bay konsiderasyon espesyal a gwoup tankou fanm, timoun ak granmoun aje.
3. Limyè Lavi dwe bay priyorite l ak travay kote moun ki sipoze benefisye yo gen vwa nan sa k ap fèt. Li ta pi bon si se moun ki sipoze benefisye yo menm ki pran inisyativ travay la, planifye l, egzekte l e evalye l.
4. Limyè Lavi dwe angaje l nan travay anpil moun nan kominote a santi yo bezwen. Sa kominote a konnen li bezwen, depi n kapab, se sa pou n fè.

Yon kominote ka gen de kalite pwoblèm. Yon kalite pwoblèm se pwoblèm ki sitire lakay li, ki ka rezoud lakay li. An menm tan li ka gen yon lòt kalite pwoblèm ki sòti depi lòt bò, swa nan Pòtoprens, Nou Yòk oubyen Wachintonn. Nan ka sa a, Limyè Lavi kapab ale kote pwoblèm lan sòti pou defann enterè kominote a. Li ka eseye enfliyanse desizyon ki fèt nan lye sa yo.

Pandan Limyè Lavi ap travay ansanm ak yon seri de kominote, li gen anpil bagay li ka aprann nan men yo tou. Li ka menm rive resevwa plis konesans pase sa li bay. Si Limyè Lavi ka ede moun nan yon kominote rekonèt vre valè pwòp kilti pa yo, se va yon bèl bagay. Sa Limyè Lavi aprann aprann kapab itil lòt moun lòt kote tou